УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2019-4-1-43-144-152

# АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЪЭУЖЬХЭМ ЯБГЪЭДЭЛЪ ЩХЬЭХУЭНЫГЪЭХЭР

**Жылэтеж Хьэжысмел Чылэний и къуэ**, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» «Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и къудамэм адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, hazismel@mail.ru

Мы статьяр теухуащ адыгэбзэм и псалъэужьхэм яIэ щхьэхуэныгъэхэр гъэбелджылыным. Мы Iуэхугъуэм ехьэлIауэ щIэныгъэлIхэм къэхутэныгъэ гуэрхэр ирагъэкIуэкIа пэтми, арэзы укъищIу, и кIэм нэсу щызэпкърыха лэжьыгъэхэр мащIэ дыдэщ. Къапщтэмэ, ягъэзащIэ грамматикэ къалэн елъытауэ псалъэужьхэр зэрагуэш щIыкIэр зэIубзу щыткъым, къыхагъэкI гупхэм я бжыгъэри зэтехуэркъым, уеблэмэ, апхуэдэ гуэшыкIэр щыуагъэу къэзылъыти щыIэщ. Гулъытэ хэха зыгъуэтахэм ящыщщ псалъэзэпыщIэ мыхьэнэ яIэу бзэм къыщыкIуэ псалъэужьхэр, ахэр къыхэгъэщхьэхукIын хуейуэ зэрыщытым къыхэкIыу. А зи гугъу тщIа проблемэхэмкIэ Iуэху еплъыкIэ пыухыкIахэм дащыхуокIуэ мы лэжьыгъэм.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, псалъэужь, псалъэуха, мыхьэнэ, грамматикэ къалэн, къытекIа, къытемыкIа.

Псалъэужьхэр – ар адыгэбзэм и зэхэлъыкIэм иIэ щхьэхуэныгъэхэм ящыщ зыщ. Iэдэж псалъэу щыткIэрэ, ахэр цIэхэм, цIэпапщIэхэм, лэжьыгъэцIэхэм къатекIа цIэ гъэпсыкIэ зиIэхэм, къэхъукIэцIэ языныкъуэхэм я гъусэу къокIуэхэр. Езыхэр къагъэсэбэп, падеж кIэухым щIыгъуу, псалъэхэр иризэрапхын папщIэ, мыхьэнэ гуэдзэ гуэркIэ Iуэхум белджылагъэ халъхьэу зи кIэрыдзэн псалъэр нэхъыщхьэм епхын къалэныр ягъэзащIэу. Псалъэужьхэр зи гъусэ псалъэхэм я ужь иту сыт щыгъуи къокIуэхэр икIи къагъэлъагъуэ псалъэухам псалъэхэм щаIэ грамматикэ зэхущытыкIэ зэхуэмыдэхэр: щIыпIэ, зэман, щхьэусыгъуэ, мурад, зэгъэпщэныгъэ, зыгъэбелджылы, н.къ. Ахэр зи гъусэ псалъэхэм еигъэ лъабжьэпэкIэ пыщIауэ куэдрэ бзэм къыщокIуэ. Псалъэужьхэм зи гъусэ псалъэр зыхъуэж псалъэзешэм ирагъэувэ хабзэщ (*тхылъы<u>м</u> <u>щхьэкIэ</u>, <u>абы</u> <u>деж</u>, къалэ<u>м</u> дыщыкIуа<u>м</u> <u>щыгъуэ</u>, уэших къешхыны<u>м</u> <u>и</u> <u>пэкIэ</u>*). Ауэ щыIэщ ущрихьэлIи псалъэужьхэр адрей псалъэзешэхэм ит псалъэхэм я ужькIэ къакIуэу: *Лlыжь<u>(ыр)</u> <u>нэгъунэ</u> шыгъажэм щыIащ; А лъагъуэ<u>мкIэ</u> <u>фIэкIа</u> пабжьэм ухэкIыфынутэкъым*.

Адыгэбзэм псалъэужьхэм я системэм фIыуэ зыщиужьащ. Абыхэм ящыщ куэд пасэрей адыгэбзэм къыщежьащ (*деж / дей, щыщ, пщIондэ, лъандэрэ*), адрейхэр – нэхъ кIасэу бзэм щызэфIэуващ (Кабардино-черкесский язык 2006: 346). Псалъэм папщIэ, щIыпIэ къэзыгъэлъагъуэхэр къатехъукIащ цIыху IэпкълъэпкъыМ и Iыхьэ зэхуэмыдэхэм я фIэщыгъэцIэхэм. Псалъэужь мыхьэнэ яIэу зы зэман бзэм къыхэщхьэхукIа а псалъэхэр иджыреибзэм а гъэпсыкIэ дыдэр къахуэнэжауэ «хэжыхьащ». Ахэр зи гъусэ псалъэхэм сытым дежи еигъэ лъабжьэпэкIэ епхащ.

Гу зылъытапхъэхэм ящыщщ адыгэбзэм псалъэужьыр гъэзэщIэн зэхэтым и дэIэпыкъуэгъу пкъыгъуэу куэдрэ къызэрыщыкIуэм. Апхуэдэхэм деж ахэр псалъэухам и кIэ дыдэм къыщыхьащ, гъэзэщIакIуэ лъабжьэгъусэри абы поувэ: *Аслъэн зи пхъэр нэхъыбэрэ **къикIхэм ящыщт*** (Къэрмокъуэ 2004: 227); *Диным цIыхухэр зэщхьэщидз щIэхъур ар зы гуращэ гуэрым, политикэ гуэрым **епха щыхъум дежщ*** (Шортэн 1985: 87). Мыпхуэдэхэм деж псалъэужьым игъэзащIэр нэгъуэщI

грамматикэ къалэнщ. Зэблэхъугъэ ухуэкIэ зыгъуэта псалъэухам псалъэужьыр и пэми, и кIэми щытыфынущ: *Ауэрэ, елъэбышауэмэ-щэнауэурэ* (*Сэфар*) *нэсыжащ борэным къритхъауэ щылъ бжеижьым* ***деж*** (КIэрэф 2009: 438); ***Абы щыгъуэщ*** *ТIасэ бэлыхь щыхэхуэнур* (Елгъэр 1988: 65).

## Псалъэужьхэм я морфологие нэщэнэгъэлъагъуэхэр

Морфологие зэхэтыкIэ елъытауэ псалъэужьхэр гупитIу бгуэш мэхъу: къытемыкIахэрэ (къыхэмыщIыкIахэмрэ) къытекIахэрэу (къыхэщIыкIахэмрэ). КъытемыкIахэм хохьэр: *(и) дей // (и) деж, дежкIэ*, *(и) дежкIэ, щыщ, лъандэрэ, пщIондэ, нэгъунэ, нэужь / нэужькIэ, щыгъуэ, папщIэкIэ // папщIэ, хуэдиз / хуэдизкIэ, щхьэкIэ, щIыкIэ, нэмыщI // нэмыщIкIэ* (Кумахов 1964: 249–250). Мыбыхэм мыхьэнэр яфIэкIуэдри, гъэпсыкIэ-грамматикэ зэхущытыкIэ фIэкIа къамыгъэлъэгъуэж хъуащ.

КъытекIахэм (къыхэщIыкIахэм) хеубыдэ: *нэс // нэскIэ,* къэс // *къэскIэ, и кIуэцIкIэ, къыхэкIкIэ, и пIэкIэ, игупэ, и пащхьэ, и щIагъ, и пэкIэ, ибгъукIэ, щIыгъуу.* Мы псалъэужьхэр зи щхьэ хущытыж псалъэхэм къатекIауэ япэ гупым (къытемыкIахэм) зэрыхуэкIуэ гъэпсыкIэм тетщ. Мыбыхэм псалъэ лъэпкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр я къежьапIэщ, я къэхъукIэри наIуэщ. Псалъэм папщIэ, гъэзэщIэн псалъэпкъхэм къатокI *къэс, нэс, фIэкIа, къыхэкIкIэ* псалъэужьхэр; щыIэцIэхэм – *и пащхьэ, и пIэкIэ, и пэкIэ, и кIуэцIкIэ, ибгъукIэ, и щIагъ.* Иджыпсту яIэ гъэпсыкIэм ахэр псори «хэжыхьауэ» хъума щыхъуащ икIи псалъэужь къалэн ягъэзащIэ.

## Псалъэужьхэм я грамматикэ нэщэнэгъэлъагъуэхэр

**Псалъэужь** ***дей / деж***. ЦIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къагъэсэбэп, зыхъуэж псалъэзешэр зэрегъакIуэ. Зи гъусэ псалъэм и мыхьэнэм елъытауэ щIыпIэ, зэман зэхущытыкIэхэр къегъэлъагъуэ. Щапхъэ: (*Мацэ:*) *Нобэ зэIущIэм* ***дей*** *сыбгъэдыхьэн си гугъащ урыс нысэм* (Дыгъужь 2011: 137); *Зы махуэ гуэрым, сменэ зэблэхъугъуэм* ***деж,*** *Софят пхъуантэр зэтрихауэ щыгъынхэм зыдеплъым, вагоныбгъум* ***и деж*** *жьауэм щызэхэс лIыхэм я псалъэмакъ зэхихащ* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 43); *Кхъухьыр шыщIэтIысыкIынум* ***дей,*** *дзыгъуэхэр нэхъ пасэу йож* (Дыгъужь 2011: 167).

***ДейкIэ / дежкIэ***[1] **псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къокIуэ. Объектым, щхьэм дежкIэ унэтIа Iуэхугъуэ къегъэлъагъуэ. Щапхъэ: *Саримэ Елдар* ***дейкIэ*** *еплъэкIырт* (КIыщокъуэ 2005: 292); *Тыкуэным щIэт цIыхухэр зэ Хьэмитбий* ***дежкIэ,*** *зэ Бабынэ* ***дежкIэ*** *маплъэ, сыт ящIэну пIэрэ жаIэу* (ХьэхъупащIэ 1996: 331).

**Псалъэужь** ***дейкIэ / дежкIэ***[2]**.** Япэ къэтхьа псалъэужьымрэ мыбырэ IукIэзэщхь псалъэхэщ. ЦIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къагъэсэбэп. И мыхьэнэкIэ къегъэлъагъуэ зыгуэрым ехьэлIа, и хущытыкIэ, и сэбэпынагъ зыхэлъ. Псалъэм папщIэ: *Ар фIыщ уи* ***дейкIэ****, ЗэгъащIэ, щIыхьышхуэщ* (ПащIэ 2003: 128); *Аслъэнджэрий хуэдэпщхэм щхьэкIэ Мэздэгу гуэрэфу щыт пэтми, Бот хуэдэ пщылI куэдхэм я* ***дежкIэ*** *Мэздэгур щхьэегъэзыпIэт* (Шортэн 1978: 52); *Махуэ блэкIахэр Аслъэнджэрий* ***дежкIэ*** *гугъусыгъуу екIуэкIащ* (ХьэхъупащIэ 1996: 113).

«ДежкIэ» псалъэужьым IукIэещхь псалъэ иIэщ. Ахэр къызытекIар зыуэ къыщIэкIынущ, иужькIэ я мыхьэнэкIэ зэщхьэщыкIа щхьэкIэ.

***Щыщ / ящыщ*** **псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къокIуэ. Генитив зэхущытыкIэ яхэлъу щытурэ, я мыхьэнэкIэ къызыхэкIар, къызэрыхъуар къагъэлъагъуэ, псом щыщ Iыхьэ къыхагъэщ. Щапхъэ: *Зауэм и пэкIэ ди адэм и ныбжьэгъуу щыта сонэхэм дыкъагъуэтыжауэ, Тбилиси* ***щыщ*** *къулыкъущIэшхуэхэри ящIыгъуу бгым къыщхьэдэхырти ди мэзхэм щакIуэ*

*къакIуэрт* (Къэрмокъуэ 2007: 140); *Тазрэт къыщылъэтащ: Уежьэжынкъым, уэлэхьи, талэхьи, мы джэдлыбжьэм **щыщу** зы къупщхьэ мы тебэм къинауэ!* (Журт 1987: 83); *Махуэ зыбжанэ хъуауэ Къетыкъуэхэ **ящыщ** дунейм къытехьауэ слъэгъуакъым* (Къашыргъэ 1976: 239); *Хэт фэ **фщыщу** ар нэхъ зыхузэфIэкIынур?* (Журт 1987: 174).

«Щыщ» псалъэужьыр адрей псалъэужьхэм ещкъым. Ар псалъэзешэкIэ, щхьэкIэ зэхъуэкIа мэхъу. Абы пыувэфынущ щхьэ-еигъэ лъабжьэпэхэр, псалъэзэпыщIэ лъабжьэужьхэр, куэд бжыгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэужь, мыхъуныгъэ лъабжьэпэ е лъабжьэужь. Хуэбгъэфащэ хъунущ ар цIэм къытекIауэ.

**Псалъэужь *лъандэрэ.*** Мыр зэман къэзыгъэлъагъуэ щыIэцIэхэм, зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэхэм, хьэл IуэхуцIэхэм, зэман къэзыгъэлъагъуэ къэхъукIэцIэхэм я гъусэу къагъэсэбэп. И мыхьэнэкIэ къегъэлъагъуэ Iуэхум, Iуэхугъуэ гуэрым и къежьапIэр, зэманкIэ зэрекIуэкIыр. Псалъэм папщIэ: *А махуэм **лъандэрэ** мэлыхъуэхэм Iуэхуфэуи гупсысэу яIэр Зарэт* (КIэрашэ 1963: 48); *Абы **лъандэрэ** Батырбэч зеиншэу къэнащ, дыхьэшхэни дунейм тету илъэгъуауэ тщIэжыркъым, дыхьэшхыуи ялъэгъуауэ жылэгъухэм ящIэжыркъым* (Нало 1993: 381); *Ар (Хосе) хуейт зэрыкIуэж **лъандэрэ** зыщытхъу адыгэхэр здригъэблагъэ и хэкум ягу щарихьыну* (Къэрмокъуэ 2004: 255); *Хьэмидбий щIымахуэ **лъандэрэ** Зэчрей илъэгъуатэкъым* (ХьэхъупащIэ 1996: 229).

***ПщIондэ / пщIондэкIэ* псалъэужьыр** зэман къэзыгъэлъагъуэ щыIэцIэхэм, *сыт* зэрыупщIэ цIэпапщIэм, хьэл IуэхуцIэхэм, зэман мыхьэнэ зиIэ къэхъукIэцIэхэм я гъусэу къокIуэ. Зэман гуэрым къриубыдэ мыхьэнэ къегъэлъагъуэ. Щапхъэ: *Вэнущ ахэр нэхулъэ **пщIондэ**, дыгъэ нэхунэр къыщIэкIыху* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 134); *Апхуэдэурэ еджэу, загъасэу, политикэкIэ зэрыгъэIущхэурэ майм и пщыкIубгъу **пщIондэ** дзэр КъалэкIыхьым дэсащ* (Нало 1993: 85.); *Мы фызыхэтыр (хьэсэр) сыт **пщIондэ** фыухын?* (ШэджыхьэщIэ 1987: 72); *УкъэкIуэжыху **пщIондэкIэ** сэ Iуэхур и кIэм нэзгъэсынщ* (Къашыргъэ 1976: 171); *Ауэ пэжщ, иужьым хамутыр пщIэхахрэ уаутIыпщамэ, ухуейм удзыпцIэм зыхэгъэукIурие, къэтэджыж, пщэдей **пщIондэ** хъуакIуэ* (КIыщокъуэ 2006: 44).

***И гугъу* псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къакIуэ хабзэщ. Зи гъусэ псалъэмрэ абырэ къагъэлъагъуэ зытепсэлъыхьыр, зи гугъу ящIыр. Псалъэм папщIэ: *Iэщыхъуэхэм зэпымууэ щакIуэ гуэрым **и гугъу** ящIырт* (Къашыргъэ 1976: 22); *Абубэ абы **и гугъу** къыхуэзыщIар район сымаджэщым санитаркэу щылажьэ цIыхубз гуэрт* (КхъуэIуфэ 2000: 275); *Тутын ефэу щыса щIалитIым я Iуэрбжэрыгъэр яужэгъуа хуэдэ, зытэлай докIри зыкъаIэтыж, дунейм и щытыкIэхэм топсэлъыхь, гъатхэ кIасэм **и гугъу** ящI...* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 47).

**Псалъэужь *щыгъуэ*.** Зэман къэзыгъэлъагъуэ щыIэцIэхэм, зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэхэм, хьэл IуэхуцIэхэм я гъусэу къокIуэ. МыхьэнэкIэ къегъэлъагъуэ Iуэхугъуэ гуэр щекIуэкI, щызэфIэкI, гъэзэщIа щыхъу зэман: *Зауэм **щыгъуэ** псыIур IуилъэсыкIри псыр къинэ щымыIэу ижат, бдзэжьей хэсари Iисраф хъуат* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 56); *Абы **щыгъуэ** Шорэ наместникым деж кIуауэ арат, Къэбэрдейм еджапIэ къыщызэIуихыну лъэIуакIуэ* (Шортэн 1985: 91); *Хэкужьым дыщисам **щыгъуэ** зыпс дефэу щытащ, – жиIащ Дахэуэс, гукъэкIыж гуэрхэм игъэщатэу* (МафIэдз 1992: 94).

***ПапщIэ / папщIэкIэ* псалъэужьыр** щыIэцIэхэм, цIэпапщIэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къакIуэ хабзэщ. Зи гъусэ псалъэр зыхъуэж псалъэзешэм ирегъэувэ. Щхьэусыгъуэ, мурад, зыгуэрым щхьэкIэ ялэжь, къыхуеджэныгъэ мыхьэнэ къегъэлъагъуэ. Щапхъэ: *Пэжщ, нобэрей лэжьыгъэр Софят **папщIэ** сыткIи зэхэгъэкIыныгъэт* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 120); *Лъэпкъыр къэпIэтын **папщIэ**, псом япэрауэ, езы лъэпкъым и бзэкIэ уепсэлъэн хуейщ* (Шортэн 1985: 89); *Хабзэм сэр **папщIэкIэ** уигъэшэчам арэзы сытохъухь, – жиIащ Болэт…* (Къашыргъэ 1957: 300).

**Псалъэужь *щхьэкIэ.*** ЦIэхэм, цIэпапщIэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм, зэман мыхьэнэ зиIэ къэхъукIэцIэхэм я гъусэу къагъэсэбэп. *ПапщIэ* псалъэужьым и мыхьэнэкIэ ещхьщ. Езым къегъэлъагъуэ щхьэусыгъуэ, мурад, зыгуэрым щхьэкIэ ялэжь, зыгуэр зытепсэлъыхь. Щапхъэ: *Сабийхэм **щхьэкIэ** ищIар плъэгъуакъэ, а псом иужькIэ абы* (*губгъуэ нанэм*) *шэч хуэпщIыж хъурэ?!* (КIэрэф 2009: 136); *НэхъапэкIэ ФуIэд **щхьэкIэ** къыжраIахэр и фIэщ хъуауэ, Iуэхур зытетри къыгурыIуауэ, Аслъэныкъуэм къигъэзэжат* (Къэрмокъуэ 2004: 29); *Шылэр имыкIа **щхьэкIэ** хэпщIыкIыу щIыIэр къутат, нэхъыжьхэм зэрыжаIэмкIэ, мы махуэ гъунэгъухэм къызэIимыщIэжмэ, щIэх уэсыр текIынут* (ШэджыхьэщIэ 1987: 18).

***НэмыщI / нэмыщIкIэ / инэмыщI(а)* псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къахь. Псалъэм гъунапкъэ гъэбелджылыныгъэ-къызэтегъэувыIэныгъэ, хэгъэкIыныгъэ мыхьэнэ хелъхьэ. Псалъэм папщIэ: *Урущтеин и Iэуэлъауэм **нэмыщI** мэзым зыри щыдымыртэкъым* (КIэрашэ 1963: 14); *Хабзэм **нэмыщIкIэ** цIыхум ищIэн хуейщ дин ткIий...* (Шортэн 1978: 162); *Псом нэхърэ нэхъ фIэтелъыджэт, цIыхум **инэмыщIа,** адрей дуней псэущхьэхэм зэикI Iуэхуншэрэ езэшрэ зэрахэмытыр* (КIэрэф 2009: 435).

**Псалъэужь *нэгъунэ.*** ЩыIэцIэхэм, плъыфэцIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм гуэгъу яхуохъу. Лэжьыгъэр зыхуэгъэза предметыр, щхьэр къегъэлъагъуэ. Псори хиубыдэу, хыхьэу мыхьэнэ иIэщ: *АрщхьэкIэ гъуэгуфI дэлът станицэм **нэгъунэ**; Къэнжалышхуэ узышэ гъуэгу къуейщIейм и дэкIыпIи, и дыхьэпIи, дэнэ деж иIэ псынащхьи, уеблэмэ гъуэгум телъ мывэ **нэгъунэ** жыпIэну Толэ ищIыхурт* (Къэрмокъуэ 2007: 99); *Иджы псоми ялъагъурт мафIэ нурым къыпэлыдыж и нэ фIыцIэ цIыкIуитI **нэгъунэ*** (КIэрэф 2009: 480).

***Нэс / нэскIэ / нэсыху / нэсыхукIэ* псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэхэм, къэхъукIэцIэхэм ящIыгъуу къакIуэ хабзэщ. Зи гъусэ псалъэр зыхъуэж псалъэзешэм ирегъэувэ. И мыхьэнэкIэ къегъэлъагъуэ зэманкIэ, щIыпIэкIэ зыгуэрым и мардэ, гъунапкъэ. Щапхъэ: *Лъэс лъагъуэр мэзым **нэс** ишат*; *Сыт ягъэ кIынт, хабзэри аратэкъэ, Къантемыр мазэ **нэскIэ** къэтыну щежьэкIэ, а зы жэщ закъуэм и бынунагъуэм гупсэхуу яхэсыжыну* (Мысачэ 1991: 141); *Тэрчыкъуэ икIыу Налшык **нэсыху** Абдулчэрим и жьэ зы псалъэ къыжьэдэкIакъым* (ШэджыхьэщIэ 1987: 358); *Гъуэгу ткIум щытщI мафIэм пхисыкIауэ / И лъапщэм куэдрэ шэ техуащ, Ди хэку ар слъыгъыу сыкъикIауэ / Берлин **нэсыхукIэ** сыкъэкIуащ* (КIыщокъуэ 2004: 54).

**Псалъэужь *къэс / къэскIэ / къэсыхукIэ.*** Мыр цIэхэм, цIэпапщIэхэм, къэхъукIэцIэхэм я гъусэу къокIуэ. Зи гъусэ псалъэр зыхъуэж псалъэзешэм иригъэувэ хабзэщ, ауэ абсолютивым (цIэиIуэм) щIыгъуyи къэкIуэфынущ. И мыхьэнэкIэ ипэкIэ къэтхьа псалъэужьым ещхьщ: *Махуэ **къэс** километрипщI, пщыкIутхур цIыхухэм зэпрамыгъэчу, а къыдыхьэжын хуей хъу закъуэтIакъуэхэр, бригадэ **къэс** гу зырызыхэ ятетщ, къуажэм яшэж хъунукъэ!* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 155); *Пщэдджыжь **къэскIэ** сэри хадэм сыщихьэкIэ, згъэщIагъуэу абыхэм (кхъужьхэм) сеплъу, кхъужьхэм ятеха уэсэпс ткIуэпс пIащэ щIыIэхэр IэкIэ сеIусэурэ къыпызгъэткIуу* (Мысачэ 1991: 33).

***ЩIыгъуу* псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм гуэгъу яхуохъу. Зыгуэрым щIыгъуу, зэгъусэу, зэхэту мыхьэнэ къегъэлъагъуэ. Щапхъэ: *Залымджэрий цIыхум хаха лIыкIуэхэр **щIыгъуу** и унэм щызопсалъэ, унафэ ящI, зоныкъуэкъу, зэгуроIуэ...* (Нало 1993: 190); *Абы **щIыгъуу** пщащэм и нэгури нэхъ нэху хъужащ, гухэщIыр текIуэтри нэщхъыфIагъэр къызэщIэнэжащи Софят и гум йохуэбэкI, егъэпIейтей* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 11).

**Псалъэужь *фIэкIа / фIэкIакIэ*.** ЦIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм, зэман къэхъукIэцIэхэм ящIыгъущ. И мыхьэнэкIэ къегъэлъагъуэ белджылыныгъэ-къызэтегъэувыIэныгъэ, хэгъэкIыныгъэ-хэмылъытэныгъэ. Щапхъэ: *Долэт **фIэкIа** а гъукIэ щIалитIым щымыгуфIыкI жылэм дэстэкъым* (КIыщокъуэ 2005: 316); *Аслъэн абы **фIэкIа** еупщIыжакъым; Абы* (*Нэгумэ Шорэ*) *зэхелъхьэ мыин дыдэ поэмэхэр, ди Iэщэм и лIыгъэм щытхъуу, ауэ ахэр и лъэпкъ*

*цIыхухэм гукIэ* ***фIэкIакIэ*** *яригъэщIэфыртэкъым* (Теунэ 1973: 261). Иужьрей щапхъэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, «фIэкIа» псалъэужьым зыхъуэж псалъэзешэм нэмыщI зыунэтI псалъэзешэри зэрегъакIуэ.

***И кIуэцIкIэ*** **псалъэужьыр** зыхъуэж псалъэзешэм ит щыIэцIэхэм я гъусэу къокIуэ. ЗыпыщIа псалъэм и мыхьэнэм елъытауэ, зэман е щIыпIэ къегъэлъагъуэ. Щапхъэ: *Аращи, укIуэцIрыплъыIуэмэ, гъащIэм* ***и кIуэцIкIэ*** *псом ящхьэри нэхъ лъапIэри лъагъуныгъэрщ* (КIэрашэ 1963: 145); *Астемыр илъэсрэ ныкъуэм* ***и кIуэцIкIэ*** *нэгъуэщI зыгуэр хъуащ, хьэл хэмылъа зыхилъхьащ, ауэ зэрыхъуар дауэми пхужыIэнукъым* (КIыщокъуэ 2005: 135); *Районышхуэм* ***и кIуэцIкIэ*** *нэхъ IэнатIэ гугъу дыдэм Iут председателу къалъытэрт ар* (*Къурдэныр*) (Къэрмокъуэ 2004: 156).

**Псалъэужь *къыхэкIкIэ.*** IуэхуцIэхэм ящIыгъуу къокIуэ, щхьэусыгъуэ зэхущытыкIэ къегъэлъагъуэ. Щапхъэ: *Къуэр деилъэу зэрыщытым* ***къыхэкIкIэ*** *мы гъуэгур лъэс зекIуапIэу, зэзэмызи гу къыдыхьэу щытащ* (Къашыргъэ 1976: 20).

***Нэужь / нэужькIэ*** **псалъэужьыр** зэман къэзыгъэлъагъуэ цIэхэм, блэкIа зэманым ит IуэхуцIэхэм я гъусэу къагъэсэбэп. Псалъэухам къыщыIуэта, щекIуэкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм и пэ къихуэ зэман къегъэлъагъуэ: *Шэджагъуэ* ***нэужьым*** *Сэлимэ школым къикIыжу письмор къищтэжащ* (ШэджыхьэщIэ 1987: 117); *Псом хуэмыдэу зи дунейр гугъуехь хэмыкIыу, и ныбэ изу мышхэу зыхьа пщылIхэмрэ унэIутхэмрэ гъащIэщIэм и IэфIыр зыхащIа* ***нэужькIэ*** *дунейм къару теттэкъым къэзыгъэувыIэжыфын* (ШэджыхьэщIэ 1987: 200).

***И ужь / и ужькIэ*** **псалъэужьыр** цIэхэмрэ цIэпапщIэхэмрэ я гъусэу къакIуэ хабзэщ, щIыпIэ-зэман мыхьэнэ иIэщ. Щапхъэ: *Зауэм* ***и ужькIэ*** *гъаблэ хъуат; Абы* ***иужь*** *иту щыблэр гъунэгъу дыдэу щыуэри, уэшхым щабэу къыщIидзащ* (ШэджыхьэщIэ 1987: 105).

**Псалъэужь *хуэдиз*** («нэблагъэ», «нэс» мыхьэнэ иIэу). ЦIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм гуэгъу яхуохъу. Мардэ, зэгъэпщэныгъэ-гъэбелджылыныгъэ мыхьэнэ къегъэлъагъуэ: *Уэ абы* (*колхозым*) *и мылъку къэпщтакъым, зы чымпэ* ***хуэдиз*** *зэбгъэкIуэлIакъым* (ШэджыхьэщIэ 1987: 27); *Сыхьэт ныкъуэ* ***хуэдиз*** *щысауэ щIалэм къызэхихащ пщащэхэм я псалъэ макъыр* (Дыгъужь 1983: 36); *СыщIэкIрэ сыплъэмэ, мыщэ* ***хуэдиз*** *хъууэ зы хьэ къарэшхуэ бжэ дыдэм деж кIэлындорым телъщ и дзэр зэрегъэшхри* (Журт 1987: 109).

***И пащхьэ*** **псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къахь. ЩIыпIэ гуэрым ехьэлIа мыхьэнэ иIэщ. Щапхъэ: *Лу* ***и пащхьэ*** *къихутащ зы лIы гуэр, и щхьэр бащлыкъкIэ фIэпхыкIауэ, щIакIуэ фIыцIэ ин щыгъыу* (КIыщокъуэ 1984: 593); *Бекович-Черкасскэр пащтыхьым* ***и пащхьэ*** *итщ, гуфIэгъуэм щхьэзэ къищIауэ…* (Шортэн 1978: 5); *Аслъэмырзэ аргуэру лъэбакъуэ быхъуитI къичри щакIуэм* ***и пащхьэ*** *къыщыувыIащ* (Къашыргъэ 1976: 8).

**Псалъэужь *и щIагъ / щIагъ.*** Мыр цIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм дэщIыгъуу къагъэсэбэп. ЩIыпIэ (зыгуэрым и лъабжьэ) мыхьэнэ къегъэлъагъуэ: *Iэбгъэхэмрэ мэлхэмрэ мэз* ***щIагъым*** *щохъуакIуэ, шыхэмрэ жэмхэмрэ тIуащIэм дыхьащ; Уафэ щхъуантIэпсым, уэсым хуэдэу, пшэху Iэрылъхьэ щесыкIырт, и дамитIыр ишауэ, абы* ***и щIагъым*** *къашыргъэ щыуфэразэт* (КIэрашэ 1963: 15).

***И пэкIэ*** **псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм гъусэ яхуохъу. ЩIыпIэ-зэман мыхьэнэ иIэщ. Щапхъэ: *Болэт* ***и пэкIэ*** *къыщыт гум ит лIыжьым ятIагъуэр здидзым и макъыр иутIыпщауэ и щхьэ хуэтхьэусыхэжт* (Дыгъужь 2011: 84); (*Софят:*) *Зауэм* ***и пэкIэ*** *мы тракторым ирилэжьар си дэлъхурщ, мыр абы и фэеплъщ!* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 121); *Район тхьэмадэ ящIыным* ***и пэкIэ,*** *ар* (*Аслъэныкъуэ*) *министерствэ зытIущым щIэсати, къуэдзэм фIагъэкIатэкъым* (Къэрмокъуэ 2004: 63).

**Псалъэужь *и пIэкIэ*.** ЦIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къокIуэ. «Зыгуэр мыхъуу нэгъуэщI» мыхьэнэ къегъэлъагъуэ. (*Мурат:*)

*Сымаджэ хъуа къарэгъулым* ***и пIэкIэ*** *Болэт къэдгъанэмэ щхьэ мыхъурэ?* (Къашыргъэ 1957: 84); *Абы* (*Пономаренко*) ***и пIэкIэ*** *эскадроным унафэ хуэщIыныр езым къищтат политрук Хьэгъэжей ТIалэ* (КхъуэIуфэ 2000: 204); *Минитхум* ***и пIэкIэ*** *минипщI къратыжащ лъэIуакIуэхэм.*

***АдэкIэ*** **псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэхэм, цIэ гъэпсыкIэ зиIэ гъэзэщIэнхэм я гъусэу къахь. Зи гъусэ псалъэмрэ абырэ щIыпIэ мыхьэнэ къагъэлъагъуэ, ауэ ягъэбелджылыр щIыпIэ зэрызщ: зи гъусэ псалъэм къигъэлъагъуэ щIыпIэм къыкIэлъыкIуэу, пэжыжьэу щылъ нэгъуэщI щыпIэщ псалъэужьым къигъэлъагъуэр. Щапхъэ: *Псым* ***адэкIэ*** *къыщыт екIэпцIэ мэз фIыцIэм и теплъэр зэуэ хъуэжа хъуати, ар иджы псым къыщхьэщыту плъагъужыртэкъым, атIэ нэхъ жыжьэу IукIуэтауэ къыпфIэщIырт* (Къашыргъэ 1957: 54).

**Псалъэужь** ***ибгъукIэ***. ЦIэхэм, цIэпапщIэхэм, IуэхудэкIуэхэм ящIыгъущ. Зи гъусэ псалъэр зыхъуэж псалъэзешэм ирегъэувэ, щIыпIэ мыхьэнэ къегъэлъагъуэ (зи гъусэу къэкIуа псалъэм ибгъу). Псалъэ папщIэ: *Болэт упщIэ пыIэр дригъэкIуэтеижащ,* ***ибгъукIэ*** *къыщылъ бащлъыкъым и кIапэр къиIэтри нэщIащэхэр щIилъэщIыкIащ* (Дыгъужь 2011: 11); *Мурид абы* ***ибгъукIэ*** *къыщытщи зыри жимыIэу IэпэкIэ сводкэм и сатырыщхьэм тоIэбэ...* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 210).

***И гупэкIэ*** **псалъэужьыр** зыхъуэж псалъэзешэм ит цIэхэм, цIэпапщIэхэм, IуэхудэкIуэхэм я гъусэу къокIуэ. ЩIыпIэ мыхьэнэ къегъэлъагъуэ (зи гъусэу къэкIуа псалъэм и гупэ). Щапхъэ: *Мэжджытым* ***и гупэкIэ*** *тIысыну зы унагъуи хуит ящIтэкъым, мэжджытым* ***и гупэкIэ*** *зыгуэрым хапIэу къиухъуреихьтэмэ мэжджытыр игъэпудауэ ялъытэнут* (Дыгъужь 2011: 102); *Шорэ Аслъэнджэрий* ***и гупэкIэ*** *къыщысщ* (ХьэхъупащIэ 1996: 104).

***И щIыбкIэ*** **псалъэужьыр** цIэхэм, цIэпапщIэхэм ящIыгъущ. ЩIыпIэ (хэха, щхьэхуэ) мыхьэнэ иIэщ, еигъэ лъабжьэпэ и гъусэу къокIуэ: *Къыхэнэжурэ классым къахэпIиикI хъуауэ, я пащIэ-жьакIэр зэщIыхьауэ щIалэжьитI яхэсти, доскар ялъэщI хуэдэурэ егъэджакIуэм* ***и щIыбкIэ*** *щоуфэразэ* (Къэрмокъуэ 2007: 18); *Къызэхуэсахэм япэм иту кIэлындор дэкIуеипIэм деж уардэу лIыжьхэр щызэхэтт, абыхэм* ***я щIыбкIэ*** *щIалэгъуалэхэр къыдэтт* (КIэрашэ 1963: 24).

**Псалъэужь** ***яку(м)***. ЦIэхэм, цIэпапщIэхэм гъусэ яхуохъу. Зытепсэлъыхь гуэрхэм я зэхуаку дэлъ, дэт мыхьэнэ къегъэлъагъуэ. Щапхъэ: *КъуажитI зэпэщытми клуб зырыз яIэт, районым культурэмкIэ и Унэр а тIум* ***яку*** *дэтыжт* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 81); *Фэхум адэкIэ мэзым щIэдзапIэу къыщыт мей жыгитIым* ***якум*** *дыгъэр нэщхъыфIэу къыдэплъырт* (Къашыргъэ 1957: 77).

***Зэхуаку*** **псалъэужьыр** куэд бжыгъэм ит еигъэ лъабжьэпэм и гъусэу къокIуэ. Зыхъуэж псалъэзешэм ит цIэхэм, цIэпапщIэхэм, IуэхуцIэ гъэпсыкIэхэм я гуэгъуу къагъэсэбэп. Зытепсэлъыхь гуэрхэм я зэхуаку дэлъ, дэт мыхьэнэ иIэщ: *КъуажитIым* ***я зэхуаку*** *дэкI гъуэгушхуэм жэщи махуи машинэхэр щызэпыуртэкъым – ухуэныгъэм ирахьэлIэ пхъэхэр, цементхэр, чырбышхэр, гъущIхэкI лIэужьыгъуэхэр яшэ зэпытт* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 81); *Iуащхьэмрэ къуажэмрэ* ***я зэхуаку*** *щIыфI дэлът; КъантIасэрэ Лусэрэ* ***я зэхуаку*** *дэту Софят унэм щIашэж* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 152).

**Псалъэужь** ***лъандэрэ***. ЦIэхэм, цIэпапщIэхэм, къэхъукIэцIэхэм, IуэхуцIэхэм я гъусэу къагъэсэбэп. Зэман къегъэлъагъуэ (блэкIа зэман къэзыгъэлъагъуэ псалъэм и гъусэу къокIуэ). Щапхъэ: *Дэ дызэрысабий* ***лъандэрэ*** *дызэроцIыху; Ауэ сыт, сымаджэу* (*Софят*) *къашэжащи дыгъуасэ* ***лъандэрэ*** *плъыржьэру хэлъщ* (ЩоджэнцIыкIу 1962: 160); *Псы Iэджи ежэхащ, Iуэху Iэджи зэблахащ абы* ***лъандэрэ*** (Къэрмокъуэ 2007: 6); *Ижь-ижьыж* ***лъандэрэ*** *къогъуэгурыкIуэ зауэ щекIуэкIым и деж къэрал хабзэхэри куэдкIэ нэхъ ткIий хъууэ* (Журт 1987: 62).

«Лъандэрэ» псалъэужьым и гъусэу (япэ иту) псалъэухам нэгъуэщI псалъэужьи хэувэфынущ: *Шэджагъуэ* ***нэужь лъандэрэ*** *уафэр зэщIэзыбгъа пшэ бдзапцIафэ хьэлъэхэм мазэри хэкIуэдауэ кIыфI дыдэт* (КIэрэф 2009: 293); *Абазэм* ***и ужь лъандэрэ*** *бжыгъэхэр, я пIэ къина мыхъумэ, дэкIуэтеятэкъым* (Къэрмокъуэ 2004: 29).

Псалъэужьхэр я бжыгъэкIэ куэд мыхъуми, ахэр бзэм убгъуауэ къегъэсэбэп, псом хуэмыдэу *деж, къэс / нэс, нэмыщI, фIэкIа, щхьэкIэ, папщIэ* жыхуиIэхэр.

Псалъэужьхэм я мыхьэнэр превербхэм ягъэзэщIэнкIэ мэхъу (Урыс 2001: 211), псалъэм папщIэ: *ЩIалэр унэм щIыхьащ; Тхылъыр Iэнэм телъщ; Джэдыр нартыхум хыхьащ.* Мы псалъэухахэм хэт щIыхьащ, телъщ, хыхьащ гъэзэщIэнхэм япыт *щI-, те-, хы-* превербхэм ящыщу **щIы-**р – «и кIуэцIкIэ», **те-**р – «и щIыIукIэ», **хы-**р – «и кум» псалъэкIапэхэм мыхьэнэ псалъэм халъхьэмкIэ ещхьщ.

Адыгэбзэм псалъэ зыбжанэ хэтщ псалъэужь, псалъэзэпыщIэ къалэн тIууащIэ ягъэзащIэу. А щытыкIэм ахэр зэхэгъэкIыгъуей ещI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, *и ужь / нэужь, щхьэкIэ, щыгъуэ, папщIэ / папщIэкIэ* псалъэхэр. Мыбдежым гу лъытапхъэщ абыхэм псалъэухам къалэн зырыз зэрыщагъэзащIэм: псалъэужьхэм псалъэхэм я зэхущытыкIэ къагъэлъагъуэ, псалъэзэпыщIэхэм псалъэхэр, псалъэухахэр зэрапх. Абы къыщынэмыщIауэ, псалъэужьым зи кIэрыдзэн псалъэр зыхъуэж псалъэзешэм (нэхъыбэм) иригъэувэ хабзэщ (*къуажэм нэс, накъыгъэм и пэкIэ*). Ауэ псалъэужьыр зи кIэрыдзэн псалъэр зыхъуэж псалъэзешэм и кIэух пыту къакIуэ зэпыткъым. Абы щыгъуэм а псалъэужьыр псалъэзэпыщIэм хагъэзэрыхь хабзэщ: *Сэ еджапIэм сынэса нэужь, письмо къэстхащ.*

Псалъэужьхэм адыгэбзэм мыхьэнэ пыухыкIа щагъэзащIэ, бзэр къулей, шэрыуэ ящI. Ахэр зи щхьэ хущыт псалъэхэм зы зэман къатекIащ, зи гъусэ псалъэм иужь иту сытым дежи къокIуэхэр. Псалъэужьхэм псалъэухам хэт псалъэхэр зэпащIэ, псалъэухам псалъэхэм щаIэ грамматикэ зэхущытыкIэ зэхуэмыдэхэр къагъэлъагъуэ: щIыпIэ, зэман, щхьэусыгъуэ, мурад, зэгъэпщэныгъэ, зыгъэ-белджылы, н.къ.

## Источники и литература


1. *Дыгъужь Къу.* Бжьыхьэ псыдзэ. Черкесск: Ставрополь тхылъ тедзапIэ Къэрэшей-Шэрджэс отделенэ, 1983. 216 н. (*Дугужев К.* Осенний поток. Черкесск: Ставропольское книжное издательство, 1983. 216 с.).

2. *Дыгъужь Къу.* ЩIымахуэ лэгъупыкъу. Япэ тхылъ. Черкесск: Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къэрал тхылъ тедзапIэ, 2011. 176 н. (*Дугужев Ку.* Зимняя радуга. Черкесск: Карачаево-Черкесское республиканское кн. изд-во, 2011. 176 с.).

3. *Елгъэр К.* Щыуагъэ. Роман. Налшык: Эльбрус, 1988. 392 н. (*Эльгаров К.* Ошибка. Роман. Нальчик: Эльбрус, 1988. 392 с.).

4. *Журт Б.* Адэжь лъапсэ. Повесть. Налшык: Эльбрус, 1987. 188 н. (*Журтов Б.* Отчий дом: Повесть. Нальчик: Эльбрус, 1987. 188 с.).

5. Кабардино-черкесский язык. В 2-х т. Т. 1. Создание письменности, фонетика и фонология, морфология и синтаксис. Нальчик: Издательский центр «Эль-Фа», 2006. 549 с.

6. *Кумахов М.А.* Морфология адыгских языков. Синхронно-диахронная характеристика. Ч. 1. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1964. 272 с.

7. *КIэрашэ Т.* Абрэдж. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1963. 180 н. (*Керашев Т.* Абрек. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1963. 180 с.).

8. *КIэрэф М.* Лъэужь е лIэужь. ЛIыжь хъыбархэр. Налшык: Эльбрус, 2009. 572 н. (*Керефов М.* Оставить след. Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 2009. 572 с.).

9. *Къашыргъэ Хь.* Насыпым и хэкIыпIэ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1957. 309 н. (*Каширгов Х.* Источник счастья. Нальчик: Кабардино-Балкарское кн. изд-во, 1957. 309 с.).

10. *Къашыргъэ Хь.* ПшэкIухь. Роман. Налшык: Эльбрус, 1976. 378 н. (*Каширгов Х.* Ореол. Роман. Нальчик: Эльбрус, 1976. 378 с.).

11. *Къэрмокъуэ М.* Пшапэ зэхэуэгъуэ. Повестхэр, рассказхэр. Налшык: Эльбрус, 2007. 264 н. (*Кармоков М.* Сумерки. Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 2007. 264 с.).

12. *Къэрмокъуэ М.* Щихухэр иджыри мэкI. Ещанэ тхылъ. Налшык: Эль-фа, 2004. 320 н. (*Кармоков М.* А тополя еще растут. Т. 3. Нальчик: Эль-Фа, 2004. 320 с.).

13. *КхъуэIуфэ Хь.* Гъатхэм и ныбжьыр. Рассказхэр, повестхэр. Налшык: Эльбрус, 2000. 480 н. (*Кауфов Х.* Возраст весны: Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 2000. 480 с.).

14. *КIыщокъуэ А.* Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ. Тхыгъэхэр томиплIым щызэхуэхьэсауэ. II том. Налшык: Эльбрус, 1984. 853 н. (*Кешоков А.* Зеленый полумесяц. Собрание сочинений в 5 Т. Т. II. Нальчик: Эльбрус, 1984. 853 с.).

15. *КIыщокъуэ А.* Усэхэмрэ поэмэхэмрэ. Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. I том. Налшык: Эльбрус, 2004. 512 н. (*Кешоков А.* Стихотворения и поэмы. Собрание сочинений в 6 Т. Т. I. Нальчик: Эльбрус, 2004. 512 с.).

16. *КIыщокъуэ А.* Хъуэпсэгъуэ нур. Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. II том. Налшык: Эльбрус, 2005. 488 н. (*Кешоков А.* Чудесное мгновение. Собрание сочинений в 6 Т. Т. II. Нальчик: Эльбрус, 2005. 488 с.).

17. *КIыщокъуэ А.* Щынэхужьыкъуэ. Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. IV том. Налшык: Эльбрус, 2006. 688 н. (*Кешоков А.* Долина белых ягнят. Собрание сочинений в 6 Т. Т. IV. Нальчик: Эльбрус, 2006. 688 с.).

18. *МафIэдз С.* Гъыбзэ хуэфащэт: роман. Налшык: Эльбрус, 1992. 448 н. (*Мафедзев С.* Достойны печальной песни: роман. Нальчик: Эльбрус, 1992. 448 с.).

19. *Мысачэ П.* Тхыгъэхэр. Налшык: Эльбрус, 1991. 312 н. (*Мисаков П.* Сочинения. Нальчик: Эльбрус, 1991. 312 с.).

20. *Нало А.* Тхыгъэхэр. Нэхущ шу. Т. II. Налшык: Эльбрус, 1993, 400 н. (*Налоев А.* Всадники рассвета. Избранные произведения в 3 т. Т. II. Нальчик: Эльбрус, 1993. 400 с.).

21. *ПащIэ Б.* Усыгъэхэр. Нальчик: Эльбрус, 2003. 376 н. (*Пачев Б.* Сочинения: Стихотворения и поэмы. Нальчик: Эльбрус, 2003. 376 с.).

22. *Теунэ Хь.* Тхыгъэ къыхэхахэр. Налшык: Эльбрус, 1973. 426 н. (*Теунов Х.* Избранное. Нальчик: Эльбрус, 1973. 426 с.).

23. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэ грамматикэ. Фонетикэ. Морфонемикэ. Морфонологие. Налшык: Эльбрус, 2001. 232 н. (*Урусов Х.Ш.* Кабардино-черкесская грамматика. Фонетика. Морфонемика. Морфонология. Нальчик: Эльбрус, 2001. 232 с.).

24. *ХьэхъупащIэ Хь.* Тхыгъэ къыхэхахэр. Япэ тхылъ. Роман, повестхэр. Налшык: Эльбрус, 1996. 336 н. (*Хавпачев Х.* Ибранное. Т. I. Роман, повести. Нальчик: Эльбрус, 1996. 336 с.).

25. *ШэджыхьэщIэ Хь.* Тэрч щыхьэтщ. Налшык: Эльбрус, 1987. 392 н. (*Шекихачев Х.* Терек свидетель. Нальчик: Эльбрус, 1987. 392 с.).

26. *Шортэн А.* Бгырысхэр. Роман. Ещанэ тхылъ. Налшык: Эльбрус, 1985. 332 н. (*Шортанов А.* Горцы. Роман. Т. I. Нальчик: Эльбрус, 1985. 332 с.).

27. *Шортэн А.* Бгырысхэр. Роман. Япэ тхылъ. Налшык: Эльбрус, 1978. 383 н. (*Шортанов А.* Горцы. Роман. Т. I. Нальчик: Эльбрус, 1987. 383 с.).

# ФУКЦИОНАЛЬНО-СЕМАНТИЧЕСКИЕ ОСОБЕННОСТИ ПОСЛЕЛОГОВ В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ

**Жилетежев Хажисмель Чиляниевич**, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), hazismel@mail.ru

Статья посвящена функционально-семантическим особенностям послелогов кабардино-черкесского языка. Несмотря на наличие нескольких работ по данной теме, послелоги кабардино-черкесского языка остаются до сих пор не до конца изученными. Так, спорные вопросы возникают при разграничении послелогов как по составу, так и по количеству. Более того, существует мнение, что такое деление ошибочное. Автор обращает особое внимание на то, что некоторые послелоги могут выполнять функции союзов. В таких случаях иногда трудно их различить. Освещению названных проблем посвящена данная работа.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, послелоги, предложение, значение, грамматическая функция, производные, непроизводные.

# FUNCTIONAL-SEMANTIC FEATURES OF POSTPOSITIONS IN THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE

**Zhiletezhev Khazhismel Chilyanievich**, Candidate of Philology, Senior Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), hazismel@mail.ru

The article is devoted to functional and semantic peculiarities of Kabardino-Circassian postpositions. Despite the presence of several works on this topic, the postpositions of the Kabardino-Circassian language are still not fully studied. Thus, controversial issues arise in the differentiation of postpositions both in composition and in number. Moreover, there is an opinion that such division is erroneous. The author pays special attention to the fact that some postpositions can perform the functions of conjunctions. In such cases, it is sometimes difficult to distinguish them. This work is devoted to the coverage of these problems.

**Keywords**: Kabardino-Circassian Language, postpositions, sentence, meaning, grammatical function, derivatives, non-derivatives.

DOI: 10.31007/2306-5826-2019-4-1-43-144-152